

#13

YOUNG & BILINGUAL ™

KREYÒL



FRANÇAIS

NIVO

4

La Petite Pétra™

EMOSYON OU YO  
NÒMAL

TES ÉMOTIONS SONT NORMALES



Krystel Armand Kanzki

Ilistrasyon : Oksana Vynokurova

Revizyon : MIT-Ayiti

PARAN AK PWOFESE,

Konpliman dèske nou ankouraje pitit nou pou yo konn pale plizyè lang !

Se yon desizyon ki pral bay bon ranman pou tout lavi ti moun yo !  
Rechèch montre ke, si yon ti moun aprann yon lang anvan li gen 6 an, l ap pi fasil pou l rive pale lang lan kòm si li se yon natif natal. Epi tou, rechèch montre ke ti moun ki bileng gen plis jèvrin nan kapasite yo kòm aprenan.

Objektif nou nan konpayi Young and Bilingual™, se pou nou akonpaye ou ak pitit ou yo oswa elèv ou yo, pou yo vin bileng byen bonè nan anfans yo. Ilistrasyon yo bèl, epi tou yo gen anpil koulè. Chak liv gen mo vokabilè ladan yo, lis mo outi ki sèvi nan liv la, ak espikasyon pou pwononsyasyon plizyè son ki nan liv la.

Nou defini kat diferan nivo pou liv nou yo :

1 Preskolè- jaden d anfan

Lekti entèraktif, ideyal pou ti moun piti k ap dekouvri monn lan

2 Lekòl matènèl - premye ane fondamantal

Fraz ki senp, ki fèt pou ti moun ki pa ko konn li oswa k ap aprann li (mwens pase 150 mo)

3 Jaden d anfan rive nan premye ane fondamantal

Istwa ki fèt pou ti moun ki fenk aprann li pou kont yo (mwens pase 300 mo)

4 Jaden d anfan rive dezyèm ane fondamantal

Istwa ki kout e ki prezante leson lavi ak dekouvèt kiltirèl (mwens pase 600 mo)



Young and Bilingual™ ofri materyèl bileng GRATIS sou sit entènèt li a [www.lapetitepetra.com](http://www.lapetitepetra.com) pou ede ou ak pitit ou yo ak elèv ou yo vin bileng. Nou akeyi fidbak ou pou nou kontinye amelyore liv ak pwogram nou yo. Rete an kontak avèk nou, epi n espere tout ti moun yo ava pwofite !

CHERS PARENTS ET ENSEIGNANTS,

Nous vous félicitons d'encourager vos enfants et élèves à devenir bilingues et à apprendre à lire en plusieurs langues ! C'est une décision qui portera ses fruits pendant de nombreuses années ! Les recherches ont montré qu'il est plus facile pour un enfant d'apprendre une nouvelle langue et adopter un accent natif avant l'âge de 6 ans. Les recherches montrent également que les enfants bilingues ont de meilleures capacités cognitives.

L'objectif de **Young and Bilingual™** est de vous accompagner ainsi que vos enfants ou élèves dans leur apprentissage des langues en étant petit. Les illustrations de chaque livre sont attrayantes, avec des couleurs vives. Chaque livre comprend des mots de vocabulaire bilingues, une liste de mots de l'histoire que les enfants doivent connaître, et le classement phonétique de quelques mots de l'histoire.

Nous avons défini quatre niveaux de développement dans nos livres :

 préscolaire - maternelle

Lecture interactive, idéale pour les tout-petits qui découvrent le monde

 de la maternelle au CP

Phrases simples, ouvrage idéal pour les pré-lecteurs qui commencent tout juste à apprendre à lire (moins de 150 mots)

 de la maternelle au CP

Histoire courte, idéale pour les lecteurs autonomes débutants (moins de 300 mots)

 de la maternelle au CE1

Petite histoire, qui comprend des leçons de vie et des découvertes culturelles (moins de 600 mots)

**Young and Bilingual™** offre des ressources bilingues GRATUITES sur son site web [www.lapetitepetra.com](http://www.lapetitepetra.com) pour aider vos enfants et élèves à devenir bilingues. Faites-nous part de vos commentaires afin de nous permettre de continuer à améliorer nos ressources. N'hésitez pas à nous contacter, et surtout, bon apprentissage !



DEDIKAS

Liv sa a se pou tout ti moun tou patou. N espere y ap jwenn plis opòtinite lè yo pale plizyè lang.

REMÈSIMAN ESPESYAL

Pou pitit mwen ak fanmi mwen pou tout sipò yo ban mwen pou pwòjè sa a. Pou ekip mwen ak tout zanj ki te ede m yo. Mèsi anpil pou kontribisyon nou. Pou Oksana Vynokurova, yon moun espesyal : nou ka wè bote fanm sa a nan bèl ilistrasyon li fè pou liv nou yo.



DÉDICACE

Ce livre est dédié aux enfants à travers le monde, afin que leurs compétences bilingues leur ouvrent de nombreuses portes.

REMERCIEMENT SPÉCIAL

À mes enfants et à ma famille, pour leur soutien dans tous les aspects de ce projet. À mon équipe et à tous les anges qui m'ont été envoyés : je suis vraiment reconnaissante pour vos contributions. À Oksana Vynokurova, une belle âme, dont la beauté et le cœur sont exprimés à travers ses illustrations qui font toute la différence dans nos livres.



# La Petite Pétra™

## EMOSYON OU YO NÒMAL

Revizyon : MIT-Ayiti



**Platfòm  
MIT-Ayiti**  
Pou yon lekòl tèt an wo


ISBN: 978-1-949368-56-7

Premye Piblikasyon: Janvie 2021

XPONENTIAL LEARNING INC

Copyright © 2020 Krystal Armand Kanzki

Tout dwa rezève. Okenn pati nan piblikasyon sa a pa dwe repwodwi, distribiye, oswa transmèt nan okenn fòm oswa pa nenpòt mwayen, (kit se fotokopi oswa anrejistremant oswa nenpòt lòt metòd elektwonik oswa mekanik) san pèmisyon alekri e ann avans nan men otè a, eksepte nan ka yon sitasyon ki kout e ke nou mete nan revizyon kritik ak sèten lòt itilizasyon ki pa komèsyal e ki an ba otorizasyon lwa sou dwa otè.



Krystal Armand Kanzki  
Ilistrasyon : Oksana Vynokurova  
Revizyon : MIT-Ayiti

Manmi, mwen pè.

Maman, j'ai peur.




Pipo, mwen tris.

Pipo, je suis triste.




Papi, mwen enkyè.


Papa, je suis inquiet.



Manmi, mwen fache.

Maman, je suis en colère.





Pou ki sa  
ou pè,  
Pétra ?

Pourquoi  
as-tu  
peur,  
Pétra ?



Pou ki sa  
ou tris, Lili ?

Pourquoi es-tu  
triste, Lili ?




Pou ki sa ou  
enkyè, Polo ?


Pourquoi  
t'inquiètes-tu,  
Polo ?

Pou ki sa ou  
fache, Dani ?

Pourquoi es-tu  
en colère,  
Dani ?



Mwen pè mwen p ap janm  
wè grann ak gran papa ankò.



J'ai peur de ne plus jamais revoir  
grand-mère et grand-père.

Mwen enkyè mwen p ap  
gradye ane sa a paske mwen  
te manke anpil jou lekòl.



Je suis inquiet de ne pas obtenir  
mon diplôme car j'ai manqué  
beaucoup de jours d'école.





Je suis triste de n'avoir pas  
pu fêter mon anniversaire  
avec mes amis cette année.

Mwen tris paske mwen pa t  
fete anivèsè m ak zanmi m  
ane sa a.



Je suis en colère parce que j'ai vu à la télévision que les gens sont traités différemment simplement parce que leur couleur de peau est différente. Ce n'est pas juste !




Mwen fache paske mwen te wè nan televizyon gen moun ki jwenn tretman diferan senpleman paske koulè po yo diferan. Sa pa jis !



Li nòminal pou w santi w pè,  
Pétra. Ou renmen grann ou  
ak gran papa w. Bondye fè,  
gras ak teknoloji, ou  
toujou ka wè yo.

C'est normal que  
tu aies peur,  
Pétra. Tu aimes ta  
grand-mère et  
ton grand-père.  
La bonne nouvelle  
c'est qu'avec la  
technologie tu  
peux quand même  
les voir.



Li nòmral pou w santi w enkyè,  
Polo. Kit w ale nan lekòl la pou w  
aprann, kit ou rete fè lekòl lakay  
ou, w ap ka kontinye aprann, epi  
w ap toujou ka gradye kanmenm.



C'est normal que tu sois inquiet, Polo,  
mais que tu ailles à l'école ou que tu  
sois scolarisé à la maison, tu peux  
continuer à apprendre et tu  
obtiendras ton diplôme.

Li nòmral pou w tris. Sa fèt lontan ou  
t ap planifye fèt ou ! Fanmi w ki  
renmen w te koupe yon gato ansanm  
avè w pou fèt ou ane sa a. N a  
planifye yon fèt ansanm ak zanmi w  
pou lane pwochèn.

C'est normal que tu te sentes triste.  
Tu organisais ta fête depuis si longtemps !  
Cette année, tu as mangé un gâteau  
avec ta famille qui t'aime, mais nous  
organiserons certainement une fête avec  
tes amis l'année prochaine.



Li nòmral pou w fache, Dani, paske nou tout ta dwe jwenn menm tretman baze sou aksyon nou ak karaktè nou. Depi w trete tout moun menm jan kèlkeswa koulè po yo, enben, w ap wè w ap fè yon diferans.


C'est normal que tu sois en colère, Dani, parce qu'on devrait tous être traités de la même manière en fonction de nos actions et de notre caractère. Tu peux faire la différence en traitant tout le monde de manière égale, quelle que soit leur couleur de peau.



Yon bon fason pou w santi w miyò  
lè ou pè, ou tris, ou enkyè oswa  
ou fache, se fè yon lis tout bagay  
ki fè w rekonesan.




Une bonne façon de se sentir mieux  
lorsque tu as peur, que tu es triste,  
inquiet ou en colère est de faire une liste  
de tout ce qui te rend reconnaissant.



Ki sa sa vle di « lè w rekonesan » ?

Ça veut dire quoi « être reconnaissant » ?

Sa vle di montre apresyasyon oswa, pou di l yon lòt jan, di mèsi pou tout bagay lavi a ba ou.



Cela signifie exprimer sa reconnaissance, en d'autres termes, exprimer des remerciements pour tout ce que la vie t'apporte.





Èske w an sante ?

Wi, mwen  
an sante.

Es-tu en bonne santé ?


Oui, je suis  
en santé.

Se pou nou  
rekonesan  
pou sa.

Soyons  
reconnaissants  
pour cela.

Èske w te fè devwa lekòl ou  
jodi a ?

As-tu fait tes devoirs  
d'école aujourd'hui ?



Wi, pwofesè m te voye yon  
bon videyo k ap pale sou  
planèt solè yo !

Oui, mon professeur nous a envoyé  
une vidéo très sympa sur les planètes  
solaires !

Bèl bagay !  
Ou ka  
rekonesan  
pou sa, ou  
pa dakò ?!



Ouah ! N'est-ce pas quelque chose pour  
laquelle il faut être reconnaissant ?!



Èske w te renmen  
gato nou te prepare  
pou fèt ou a ?

Li te gou  
anpil !

Nou ta  
dwe  
rekonesan  
pou sa, pa  
vre ?

As-tu aimé le  
gâteau que nous  
avons préparé pour  
ton anniversaire ?




Il était  
délicieux !

Nous devons être  
reconnaissants  
pour ça, tu ne  
penses pas ?



Sa n ap pale la a ?

De quoi  
parlez-vous ?




Nou te wè nan televizyon moun tou  
patou nan monn lan k ap mache pou  
revandike dwa tout moun genyen  
pou yo jwenn menm kalte tretman,  
kèlkeswa koulè po yo.

Nous avons vu à la télévision des gens du  
monde entier protester pour s'assurer que  
tout le monde est traité de manière égale,  
quelle que soit la couleur de leur peau.



Nou ka rekonesan pou sa.

Il faut également être  
reconnaissant pour ça.



Lè gen twoub ak chanjman, li  
nòminal pou w pè, tris, enkyè  
oswa menm fache. Sepandan,  
sa ede lè w pale sou sa.

Quand il y a de l'incertitude et du  
changement, c'est normal d'avoir peur,  
d'être triste, inquiet ou même en  
colère. Cependant, il faut en parler.



Si w pa vle pale de jan w  
santi w, alòs ou ka ekri,  
desinen oswa chante.

Si tu ne veux pas parler de ce que  
tu ressens, écris, dessine ou  
chante ce que tu ressens.



Lè w kite  
emosyon w  
sòti, w a  
santi w miyò.




Quand on exprime nos  
émotions, on se sent mieux.

Mwen rekonesan pou ou anpil.  
Mwen deja santi m miyò.



Je suis tellement reconnaissant de t'avoir.  
Je me sens déjà tellement mieux.





Kite emosyon w yo sòti !



Exprime tes émotions !

VOKABILÈ BIENG OU  
TON VOCABULAIRE BILINGUE



pè  
peur



fache  
en colère



enkyè  
inquiet



tris  
triste



zanmi  
amis



lekòl  
école



tele  
télé



fèt  
anniversaire



gato  
gâteau



ekri  
écrire



desinen  
dessiner



chante  
chanter

# SERI DEKOUVÈT AYITI

Nan seri sa a, Petra ak Lili dekouvri peyi yo, Ayiti, ak kilti ayisyen ki rich anpil. W ap jwenn liv nivo 1, 2, 3 ak 4 pou adapte ak bezwen pitit ou a oswa elèv ou yo! Fè nou konnen ki lòt pati peyi d Ayiti oswa kilti ayisyen ou ta renmen Petra ak Lili eksplòre!

N ap jwenn kesyon konpreyansyon pou istwa a nan resous gratis sou sit entènèt nou!



Vous trouverez des questions de compréhension gratuites dans la section ressources de notre site Web !

# SÉRIE DÉCOUVERTE D'HAÏTI

Dans cette série, Pétra et Lili découvrent leur pays, Haïti, et sa riche culture. Vous trouverez des livres de niveau 1, 2, 3 et 4 adaptés aux besoins de votre ou vos élèves ! Faites-nous savoir quelles autres parties d'Haïti ou de la culture haïtienne vous aimeriez que Pétra et Lili explorent !

Koleksyon liv bileng nou enkli liv an espanyol-anglè ak liv an fransè-anglè e plizyè liv disponib an fòm audio pou akonpanye ti lektè nou yo ! Vizite sit wèb nou an [www.lapetitepetra.com](http://www.lapetitepetra.com) pou wè tout tit nan kolèksyon nou an.



Notre série de livres bilingues inclut également des livres en Créole-Anglais et Espagnol-Anglais. De plus, certains de nos livres sont disponibles en format audio pour accompagner nos jeunes lecteurs dans leur apprentissage ! Visitez notre site web [www.lapetitepetra.com](http://www.lapetitepetra.com) pour voir tous nos titres !



an  
5-10

KREYÒL

Sante mantal pitit nou yo se kle nan devlopman yo ak siksè yo nan lavi. Li nòmral pou nou gen emosyon. Men, kòm paran, fòk nou aprann pitit nou rekonèt emosyon yo. Epi tou, fòk yo aprann esprime emosyon yo nan yon jan ki bon pou yo.



FRANÇAIS

La santé mentale de nos enfants est essentielle à leur développement et leur réussite dans la vie. Avoir des émotions est normal, mais comme parents, nous devons apprendre à nos enfants à reconnaître leurs émotions et les exprimer de manière saine.



Lekti entèraktif, ideyal pou ti moun piti k ap dekouvri monn lan



Fraz ki senp, ki fèt pou ti moun ki pa ko konn li ou k ap aprann li (mwens pase 150 mo)



Istwa ki fèt pou ti moun ki fenk aprann li pou kont yo (mwens pase 300 mo)



Istwa ki kout e ki prezante leson lavi ak dekouvèt kiltirèl (mwens pase 600 mo)